Нобэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№35 (24.629) ● 2024 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIпIэм къызэритамкIэ

Зэныбжьэгъугъэм и лъэмыжхэр

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ Налшык щыхуэзащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир. Ар ди республикэм къэкIуащ «Зэныбжьэгъугъэм и лъэмыжхэр» щIыналъэзэхуаку нэгузыужь-хэкупсэ слётым хэтыну.

А IУЭХУГЪУЭМ хэтынущ «Пэрытхэм я зэщIэхъеныгъэ» Сабийхэмрэ щIалэгъалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм, ди республикэм щIэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр. Ныбжьыщ1эхэм зыщапIъыхьынущ Iуащхьэмахуэ лъапэ и щIыпIэ дахэхэм, щыгъуаз зыхуащIынущ Хэку зауэшхуэм и зэманым зауэлI-альпинистхэм зэрахьа лIыгъэм, гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэмрэ щэнхабзэмрэ гъунэгъу зыхуащIынущ.

«Щэч хэмылъу, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэщIэ, ныбжьэгъущIэ куэд зрагъэгъэтынущ, апхуэдэуи я проект хьэлэмэтхэр зэрагъэзэщIэнум тепсэльыхьынущ, - жиIащ **КIуэкIуэ Казбек**. - Туризмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ Къэбардей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ зэрызэдэлажьэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ».

Ставрополь крайм и губернатор **Владимиров Владимир** и гъусэу КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэ Iэмалым тету хэтащ УФ-м и Президентым КИФБЩI-м щиIэ полномочнэ лIыкIуэ **Чайкэ Юрий** и нэIэм щIэту лажьэ Советым и зэIущIэм.

Абы щытепсэльыхьащ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа «Бын куэд зиIэ унагъуэхэм социальнэ ядэIепыкъунымэ теухуауэ» Унафэр Кавказ Ищхьэрэм зэрыщагъэзащIэм, апхуэдэуи щIыуэпс къэхъукъащIэхэм, псы кIыуэхэм, мафIэсхэм зэрызыщахъумэнымрэ апхуэдэхэм къарикIуахэр зэрызэрагъэзэжкIуэжыну щIыкIэхэмрэ. ЗэIущIэм хэтащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ **Баталинэ Ольгэ**, «Урысей-техкIэлъыплъныныгъэм» и Кавказ щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Далиев Алан**.

Чайкэ Юрий къыздэхьихьэщащмкIэ, мы зэманым къыздэгъэпэщащ бынунагъэшхуэхэм ядэIепыкъуныкIэ къэрал IэнатIэпсо. «Кавказ щIыналъэм игъащIэми пщIэшхуэ щаIэщ унагъуэми абы илъ фIыгъуэхми. Ахэращ а лъэпкъхэр бын куэд зрагъэгъуэтыным тезыгъэгушхуэр, - жиIащ Чайкэ Юрий. - Унагъуэмрэ сабийхэмрэ яхуэгъэзэ Iэхуэхэр ди къэралым иригъэкIуэкI политикэм я нэхъыщхьэщ. Дэ ди къалэнщ бын куэд щаIэ унагъуэхэм дэIепыкъуэгъу дахуэхъуну».

Я къаруи зэфIэкIи ирахьэлIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм щыпсэухэм Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэмкIэ зэрехьуэхъур

ПщIэ зыхуэсщI си лъахэгъуэх!

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохьуэхъу Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэмкIэ. Ди республикэм щыпсэухэм я дежкIэ мы мыхьэнэшхуэ зиIэ а махуэщIым кьегъэлъагъуэ захуагъэр зэрытекIуэр, балъкъэр лъэпкъым хэлъ кьарур, къэмылэнджагъэр, быдагъэр. Лей зытехьэу гугъуехь куэд зышэча а лъэпкъым здрагъэIэпхъуКIа и щIыпIэм кьиргъэзэжащ икIи, къэралыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэр я дэIепыкъуэгъуу, зэтеувэжащ, зиугэзащIыжащ.

БлэкIа илъэс пщIы бжыгъэхэм кьагъэлъэгъуащ балъкъэр лъэпкъым гъащIэм и унэтIныныгъэ псоми екъулIэныгъэ лъагэхэр зэрыщызыIэрагъэхьар. Нобэ, зэгурыIуэныгъэр зи зэхуаку дэлъу лъэпкъ куэд щыпсэу къэралым ис псоми я гъусэу, балъкъэрхэм ди къэкIуэнур яухуэ, я къаруи зэфIэкIи ирахьэлIэ Урысейр зэIуэзэпэщIэу зэрылъ щыналъэ хуиту, лъэщIу щытыным.

Си фIащ мэхъу дызэкъуэтмэ, гугъуехь псоми даззрыпIэльэщынур, ди республикэм, Хэкум я екъулIэныгъэхэм хуэгъэзауэ зыхуэдгъэуэвыж мурадхэм даззрыIуэIэсынур.

Си гуапэу сохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми узынщагъэ быдэ, екъулIэныгъэ, фIыгъуэ куэд яIэну.

Щхьэкlуэ зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ

Гъатхэпэм и 28-р Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ. Ар махуэщIу ди республикэм щагъэувауэ щытащ 1995 гъэм. А лъэпкъым екъэIа1уэ захуагъэр тепщэ щыхьужа а махуэщхуэр гъэувыным лъабжьэ хуэхъуащ 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIаеу щыта Унафэр. Абы илъэс ныкIэ къащтащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэжыкIыным и Iуэхуэ1э» республикэ хабзэр. Апхуэдэу илъэс 67-рэ ипэкIэ зэфIагъэувэжауэ щытащ балъкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр.

ТХЫДЭМ и напэкIуэцIхэм хыболъэгъуэж мы махуэхэм балъкъэрхэм ядэтIэт гуфIэгъуэм ипэ ита Iуэхугъуэ хьэлъэр. Хэку зауэшхуэр иджыри екIуэкIыу, 1944 гъэм и гъатхэпэм и 8-м, балъкъэрхэр я щIыналъэм залымыгъэкIэ ирашауэ щытащ. Ахэр Курыт Азиемрэ Къэзахъстанымрэ я щIыпIи 120-м хагъэшат. Абыи къыщымынэу, къэрал унафэ хэхакIэ абыхэм я къэралгъуэр щымыIэжу къэлыытат. Зэман дэкIри, захуагъэр тепщэ хьужащ, атIэми а лъэпкъым щыщ цIыхухэм ноби ящыгъупщэркъым а илъэс 13-м кIриубыдэу яшэча щыщIэныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ.

ПIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм я етIуанэ Іыхьэм ди къэралым а лъэхъэнэм и пашэу щыта Хрушёв Никитэ и фIыгъэкIэ щIадзащ залымыгъэкIэ зи лъахэ ираша лъэпкъэхэр хей щIыкIым и Іуэхур. Дауи, хэкум къагъэзэжыну хуит ящIа лъэпкъ псор къабгъэIэпхъуэжыныр Іуэху тынштэкъым: балъкъэрхэр ипэкIэ зыдэса къуажэхэм я нэхъыбэр зэхэкъутати, псэуплIэхэр яхуирикъутэкъым. Къэрал унафэщIхэр Іуэхум зэрегугъум нэмыщI, мыхьэнэшхуэ иIэт балъкъэрхэр къызыхьэж лъэпкъэхэр абыхэм къаззрыIуэщIэну щIыкIэми. И гъунэгъу мэжалIэмэ, абы и гуэныхьыр езым къихьу къэзыльытэу ноби псэу адыгэхэр гуапэу яIущIэжащ я къуэш балъкъэрхэм. Лей зытехьахэм ахэр ядэгугъашащ псэупIэкIи, ерыскъыкIи, щыгъынкIи.

Балъкъэрхэм ящыщ куэдым нэхъапэм яIа псэупIэхэр зрагъэгъуэтыжащ. МымащIэу щыIащ адыгэ жылэхэм ynaпIэ, лъапсэ щызыгъуэтахэри. Къэдгъэлъэгъуэнщи, нэхъыжьхэм зэрыжаIэжыжкIэ, а гъатхэм Щхьэлыкъуэ къуажэм дэтIысхьауэ щытащ Балъкъэр унагъуэ 26-рэ. Ахэр илъэс щыпсэуа Шыкхъэ щыпIэр зэхэкъута хуэати, псэупIэщIэу къыхуагъэлъэгъуат къалащхьэм пэгъунэгъу жылэр. ЖыпIэнурамэ, щхьэлыкъуэдэсхэр гурэ псэкIэ япежащ хамэщI кьикIыжа я лъахэгъуэхэм. Кьуажэ советым и унафэкIэ, балъкъэр унагъуэхэм Іэщ ираташу, унапIэхэри къыхупачащ. Я унэ-лъапсэхэр яухуэху, ахэр унагъуэ-унагъуэкIэрэ трагъэшауэ щытащ. Кьуажэдэсхэр балъкъэрхэм ядэгъашэрт ерыскъыкIи щыгъынкIи, я Іуэхур зэрыдэкIынкIи чэнджэщ щхьэпэхэр иратырт.

Апхуэдэу Іэзхур щекIуэкIащ ди республикэм хыхьэ жылэ псоми. Адыгэхэри щIыналъэм и адрей лъэпкъэхэри балъкъэрхэм зэрадэIэпыкъуам и фIыгъэкIэ псынщIэу зэфIэкIащ цIыхухэр кьегъэблэгъэжыным, лжьэапIэ гъэувыным екъэлIа Іуэхуэхэр. РСФСР-м и Министрхэм я Советым 1957 гъэм кьишща унафэм ипкъ иткIэ, дэтхэнэ унагъуэми кредиту ираташ псэупIэ яухуэн папщIэ сом мини 10, унэхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ сом мини 3, Іэщ кьращхэу сом мин 1,5-рэ. ИужькIэ а щIыхуэ псори хуагъэгъуащ. ИлъэситIым кьриубыдэу унэщIэ мини 7-м щIигъу яухуащ, унагъуэ миным нэблагъэм кьэрал фэтэрхэр ираташ. Апхуэдэу щIидзащ балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжныгъэм.

Къэралми цIыхухэми кьабгъэдэкI апхуэдэ гулъытэ лъагэ, гуапагъэрэ лъагъуныгъэрэ зыгъуэта балъкъэрхэр гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми щIэх дыдэу хэзгъэжащ. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу, 1959 гъэм ирихьэлIэу, къулыкъушхуэхэм пэрытт балъкъэри 100-м нэблагъэ. Курыт Іэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрахьэрт 500-м щIигъум. Гулъытэшхуэ хуащIырт щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ зегъэужьыныр. Куэд хьыкъащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Кабардинка» ансамблым, къэрал филармонием. СССР-м, КъБАССР-м я тхыльэ тедзапIэхэм къыщыдэкIащ балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим, тхакIуэ цIэрыIуэзэу Кулиев Къайсин, Шахмурзаев Сэхьид, Гуртуев Берт, Отаров Керим сымэ, нэгъуэщIхэми я Іэдакъэщ1экIхэр.

Лей зытехьауэ щыта лъэпкъым и Іуэхур хуабжьу ирагъэфIэкIуащ блэкIа пIащIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым, 90 гъэхэм я пэщIэдзэм, балъкъэрхэри, абыхэм я гъусэу залымыгъэкIэ я хэку ирашауэ щытахэри хей щIыкъыным теухуауэ къэралым къыщыдгъэкIа унафэхэм ябгъэ ирагъэкIэ «Лей зытехьа лъэпкъэхэр хей щIыкъыным и Іуэхуэкlэ» хабзэр. Къыкlэпъыкlуэ илъэсхэм Къэр-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я жэрдэмкIэ Урысей Федерацэм къыщащтащ балъкъэрхэмехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ зыбжанэ. Лъэпкъым зэрырагъэкIэ илъэс 50 зэрырикъум тещIыхьауэ иужькIэ къащта унафэхэм пащащ балъкъэр лъэпкъыр хей щIыкъыным и Іуэхум.

1995 гъэм балъкъэрхэм ирагъэкIуэкIа референдумым ипкъ иткIэ, Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж районкIэ зэфIагъэувэжащ. Налшык и Долинск щIыпIэм щаухуащ залымыгъэм ихьахэм я архитектурэ мемориал гъэзэджэ. Абы хэтщ лъэпкъым и усыгъэм и вагъуэ Кязим и кхъащхьэ икIи ар балъкъэрхэм я бэшэчыгъэм, лIыгъэм, быдагъэм я фэеплъ хъуащ.

«ЩхьэкIуэ зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. А лъэпкъ Іуащыгъэм и куп1эр хуэхъ хьунущ къуэш пэпльиту къыддэпсэу балъкъэрхэм. Нобэ лъэпкъыр зыужьыныгъэм и гъэгум ирокIуэ. Балъкъэрыбзэр мы зэманым адыгэбзэмрэ урысибзэмрэ я гъусэу къэралыбзэщ. АбыкIэ утыку щохьэ телевидениэкIи радиокIи, газетхэр, журналхэр, зэреджэ тхыльхэр, псальалъэхэр традзэ, балъкъэр тхакIуэхэм я тхыгъэхэр къыддгъэкI. Хей зэращIыжрэ блэкIа илъэсхэм балъкъэрхэм къахэхъуэкIащ еджагъэшхуэ, литератор, артист, спортсмен, политикэ лэжьакIуэ, лъэпкъым и щIыхьэр къэзыIэтыжа цIыху гуащIафIэ щэ бжыгъэхэр.

Къахуиуха бэлыхьым къелри, а лъэпкъыр апхуэдэу ди гъащIэм къыхьыхьэжащ. Гугъуехьрэ гуаузкIэ гъэнщIа илъэс 13-м ягъэва бэлыхьэр ящымыгупщу балъкъэрхэр ипэкIэ мэкIуатэ, фIэщхьунигъэ ин яхэлъу къэкIуэнум хуоплъэ. Илъэс 67-рэ ипэкIэ зи хэку зыгъэтыжа а лъэпкъым щыщхэм, ди республикэм щыпсэу адрей лъэпкъэхэм хуэдэу, я къару псори ирахьэлIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зиужьыным, абы мамырыгъэрэ захуагъэрэ, зэгурыIуэныгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ илъыным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ я щIыналъэ

Налшык щекIуэкIащ КЪБР-м Къэрал хабзэхэр къыщызэгъэпэщынымкIэ и зэзыгъэуIу зэхуэсымрэ Экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ хэтхэм я зэIущIэ. ЩIыналъэпсо зэзыгъэуIу зэхуэсымрэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, УФ-м и Президентым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым КЪБР-м щыIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ, Іэщэкlэ зэщIэуэзда Іэнатlэхэм, министерствэхэм я унафэщIхэр, щIыпIэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЛЭЖЬЫГЪЭР аублэн ипэ къыхуэу, къызэхуэсахэр дакъыкъэкIэ яхуэщIигъуащ Красногорск къыщыхъуэ гуэзвэгъуэм хэкIуэдахэм. «ЦIыху куэдым я гъащIэр ихьащ а гуаузшхуэм. Дэри къэрал псом дыщIигъуу дощIигъуэ, дахуогузавэ абы хэкIуэдахэм я Іыхьлыхэм, я узынщагъэр зэман кIэщIым къриубыдэу зэтеувэжыну дохьуэхъу уIэгъэ хъуахэм, фэбжь зыгъэтахэм», - жиIащ а Іуэхум теухуауэ КIуэкIуэ Казбек.

Адэкlэ республикэм и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек тепсэльыхьащ зэIущIэм и утыку ирахьэну Іуэхугъуэхэр зыгъэщIыхьам. «СВО-р щекIуэкI, ди къэралыр къызэрымыкIуэ экономикэ, политикэ дэкъуэзэныгъэм щит зэманым, хэкум щыщIэ щытыкIэр къагъэтIэсхъэну куэдым мурад щащIа лъэхъэнэм дэ тхупльэкIащ зэпIэзэрытыныгъэр тхъумэн, хабзэхэр къыщызэпамыуд щIыналъэу дыщытын, социальнэ и лъэныкъуэкIэ быдагъэ тхэпльын. Къэбэрдей-Балъкъэрыр щытащ икIи къьонэж УФ-м щIыналъэхэм ящыщу ущыпсэуну нэхъыфIхэм ящыщу. 2023 гъэм ди республикэм зыщагъэпсэхуну, я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэну къэкIуащ цIыху мелуанрэ ныкъуэм щIигъу. Апхуэдэ щытыкIэм пщэрылъ къытщещI хабзэр къызэпемыгъэудынымрэ къэхъуакъащIэ къызэрымыкIуэхэм зыщыхъумэнымрэ екъэлIа Іуэхугъуэ псоми мыхьэнэшхуэ еттын хуейуэ», - жиIащ ди щIыналъэм и пашэм.

КIуэкIуэ Казбек властым и Іэнатlэхэм яхуигъэуващ кьалэн зыбжанэ: «2024 гъэм дэ Іэмал имыIэу пытщэн хуейщ терроризмэм, экстремизмэм, социальнэ сетхэм я Іэмалхэр къагъэсбэзэнра щIалэгъуалэр щIэпхъаджагъэ ялэжьыным езышэлIэну хущIэкъуэкIэм япэщIэтыным, къэралхэр, лъэпкъхэр зэпэщIагъэувэу, зэрахьэ динкIэ, бзэкIэ, зыщыщ лъэпкъкIэ щIыхуэхэр зэхэгъэж зыщIу жылагъуэр зэкъуэзыдыну хущIэкъуэхэм я жыджэрагъыр къэгъэтIэсхъэным хуэрагъэса оперативнэ-къэлъыхъэныгъэ Іуэхугъуэхэм. Дапщэщи ди нэIэм щIэдгъэтын хуейщ цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэр, транспорт, гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатlэхэр, социальнэ Іуэхущ1аIпIэхэр. Іулъхьэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ япэщIэувэным гупльитэ щыхуэщIын хуейщ, псом хуэмыдэу, лъэпкъ, федеральнэ, щIыналъэ проектхэр щагъэзащIэкIэ.

Ди нэIэм щIэдгъэкI, зэпыдгъэу хъунукъым ныбжьыщIхэм, нэхъапэIуэкIэ щIэпхъаджагъэ зылэжьауэ щытахэм ядэлэжьэныр. БлэкIа илъэсхэм ялэжьауэ щыта Іуэху мыхьэмыщIэжэ сэтей къэщIыным гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ. А псомкIи ядэлэжьапхъэщ щыпIэ самоуправленэмкIэ Іэнатlэхэм, цIыхухэм. ИтIанэщ лэжьыгъэм ехьулIэныгъэ къыщыпэкIуэнур».

ЗэIущIэм къыщалэта Іуэхугъуэхэмкlэ доклад ящIащ КЪБР-м къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкlэ министру щыIэ **Крючков Вячеслав**, УФ-м и УФСИН-м КЪБР-м щиIэ Іэнатlэм и унафэщI **Демидов Александр**, КЪБР-м узынщагъэр хьумэныкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр **Езауэ Анзор**, лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ министр **Асанов Алим**, щэнхабзэмкIэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

КъекIуэлIахэр щыгъуазэ хуащIащ республикэм хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымрэ щалэжь щIэпхъаджагъэ япэщIэтыныгъэ ятеухуауэ 2024 гъэм щыIэ щытыкIэм. Хэхауэ тепсэльыхьащ лъэпкъ проектэхэр гъэзэщIэныным пыщIа Іуэхуэхэр зэрызэфIахым.

Къалэн куэд щагъэзащIэ

ЦIыхухэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ къалэн куэд щагъэзащIэ центрым и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым зыщIигъэгъуэзащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

IУЭХУЩIАПIЭР кызэIуахащ илъэс 12 ипэкIэ, нобэ республикэм абы и къудамэу 134-рэ щыIэщ, Іэщ1агъэлI 407-рэ щыIалажьэу, къэрал, щIыналъэ Іуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэу 322-рэ щагъэзащIэу.

Блэкlа илъэсым Къалэн куэд щагъэзащIэ центрым цIыхухэм мелуани 1,3-рэ зыкъыхьащ1эщ, Іуэхуу мин 748,7-рэ щызэфIахащ. Іэнатlэр къызэрызэрагъэпэщу Іуэхутхьэбзэу мелуани 6,5-рэ щызэфIагъэкIащ, цIыхухэм я лъэпкъ мелуани 10,8-м хэпльащ. Апхуэдэу зы цIыхум и Іуэхур зэфIэгъэкIыным дакъикъи 8 токIуадэ, лжьыгъэр нэхъ тынш къащIыщIыщ технологиехэр Іэнатlэм къыщагъэсэбэп.

КЪБР-м и Іэтащхьэм мызэ-мытIэу къыхиутIащ Къалэн куэд щагъэзащIэ центрым цIыхухэр социальнэу дэIыгъыныкIэ къалэнышхуэ зэрыгъэзащIэр. «ЦIыхухэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм и фIагъым тещIыхьауэ жылагъуэм къэрал къулыкъущIапIэм и лжьыгъэр къызэрильытэр», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Іэнатlэм бжыгъэр зи лъабжьэ Іэмалхэр кьиргъэсэбэпын щIидза нэужь, тхылъ зэхуэмыдэхэр зэгъэщIапIым пыщIа Іуэхуэхэр куэдкIэ нэхъ псынщIэу зэфIэкI хъуащ. Нэхъапэкlэ ахэр зэхуэпхьэсымаз е нэхъыбэ текIуадэу щытащ. Иджыпсту апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр куэдрэ къакIэлъымыкIухьу е телефонкIэ зэфIокI, Іуэхущ1аIпIэм екIуэлIэну Іэмал зимыIэхэм я деж Къалэн куэд щагъэзащIэ центрым и лэжьакIуэхэр макIуэ.

Центрым хэтщ къэрычэтыщIэ Іуэху цIыкIумрэ курытымрэ пэрытхэм папщIэ къудамэ щхьэхуэ. Мыбы дэIепыкъуныгъэ щагъэтащ хьэрычэт Іуэху къыщIэзыдзэну гукъыдэж зыщIа цIыху мини 10-м щIигъум.

Республикэм и МФЦ-р зи лэжьыгъэр нэхъыфIу зыгъэзащIэу къалъыта щIыналъэхэм ящыщщ. Іэнатlэр адэкIи ирагъэфIакIуэ. ЦIыхухэм хуащIэ Іуэхутхьэбзэхэм адэкIи къыхагъэхъуэну иужь итщ, апхуэдэу жэщ-махуэ имыIэу узыхуэИ дэфтэрыр электрон жыпхъэм иту къыпIэрыхьэжу ящIынущ. Псалъэм папщIэ, «Сабийр кьалъхуащ» фIощIигъэр иIэу Іуэхутхьэбзэ зыбжанэ къыхагъэхьэнущ. Абы илкъ иткIэ, адэ-анэхэм я дежкIэ куэдкIэ нэхъ тынш хъунущ кьалъхуагъаащIэ сабийм и тхылъэр зэгъэнэщыныр. **КЪБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым, апхуэдэуи зыщIигъэгъуэзащ мы илъэсым и кIэух пщIондэ нагъэсын хуей социальнэ ухуэныгъэхэм я Іуэху зыIутым.**

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, абы и япэ къуэдзэхэу **Къуныжь МуIэедрэ Говоров Сергейрэ**, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн**, щIыналъэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналынэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** сымэ.

Сыжажэм къыхигъэщащ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрыщIагъэхуабжьэр. Иджыпсту нэхъапэ ирагъэщ жылэ зытраса гектар мин 70-м щIигъум щыгъэпшэрэр щIэпхъэныр. Тафэтес щIыпIищым - Май, Тэрч, Прохладнэ районхэм - гъатхэсэм щыщIадзащ: хьэр, зэнтхъыр, кIэртIофыр, джэшъуерейр, ампийр хэсэн ирагъэжьащ. Дунейр нэхъ хуабэ къэхъужкъ, Іуэхум пэрыхьэнущ адрей щIыналъэхэри. Нэгъаби хуэдэу, мы гъэми псори зэхэту гъавэм гектар 282-рэ хухахынущ. Къыхагъэщащ ным езышэлIэну хущIэкъуэхэм япэщIэтыным, къэралхэр, лъэпкъхэр зэпэщIагъэувэу, зэрахьэ динкIэ, бзэкIэ, зыщыщ лъэпкъкIэ щIыхуэхэр зэхэгъэж зыщIу жылагъуэр зэкъуэзыдыну хущIэкъуэхэм я жыджэрагъыр къэгъэтIэсхъэным хуэрагъэса оперативнэ-къэлъыхъэныгъэ Іуэхугъуэхэм. Дапщэщи ди нэIэм щIэдгъэтын хуейщ цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэр, транспорт, гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатlэхэр, социальнэ Іуэхущ1аIпIэхэр. Іулъхьэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ япэщIэувэным гупльитэ щыхуэщIын хуейщ, псом хуэмыдэу, лъэпкъ, федеральнэ, щIыналъэ проектэхэр щагъэзащIэкIэ.

Ди нэIэм щIэдгъэкI, зэпыдгъэу хъунукъым ныбжьыщIхэм, нэхъапэIуэкIэ щIэпхъаджагъэ зылэжьауэ щытахэм ядэлэжьэныр. БлэкIа илъэсхэм ялэжьауэ щыта Іуэху мыхьэмыщIэжэ сэтей къэщIыным гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ. А псомкIи ядэлэжьапхъэщ щыпIэ самоуправленэмкIэ Іэнатlэхэм, цIыхухэм. ИтIанэщ лэжьыгъэм ехьулIэныгъэ къыщыпэкIуэнур».

ЗэIущIэм къыщалэта Іуэхугъуэхэмкlэ доклад ящIащ КЪБР-м къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкlэ министру щыIэ **Крючков Вячеслав**, УФ-м и УФСИН-м КЪБР-м щиIэ Іэнатlэм и унафэщI **Демидов Александр**, КЪБР-м узынщагъэр хьумэныкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр **Езауэ Анзор**, лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ министр **Асанов Алим**, щэнхабзэмкIэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

КъекIуэлIахэр щыгъуазэ хуащIащ республикэм хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымрэ щалэжь щIэпхъаджагъэ япэщIэтыныгъэ ятеухуауэ 2024 гъэм щыIэ щытыкIэм. Хэхауэ тепсэльыхьащ лъэпкъ проектэхэр гъэзэщIэныным пыщIа Іуэхуэхэр зэрызэфIахым.

Хохъуэ къэрал дэIэпыкъуныгъэм

гъатхасэ жылэхэр ирикъуу зэрагъэр. Нартыху, кIэртIофжылэхэмкIэ республикэм езым зыкъызэрегъэпэщыж, абы щыгъуэми нэгъуэщI щIыналъэхэми яхурегъашэ. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэриубыхуам тету щыIэпшэрхэр кьаIэрохьэ. Мэкъумэш техникэкIи ирикъуу къызэгъэпэщащ - трактору 5224-рэ, гъавэр зэрыIуахыж, къэкIыгъэхэр кьызэрахьэж комбайну 726-рэ яIэщ. Ахэр зэрылажьэну гъэсныпхъэхэмкIи тэмэму къызэгъэпэщащ. Апхуэдэу щытми, КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящIащ республикэм и антимонополнэ къулыкъущIапIэм щыIэныгъуу Іуэхум тКIийуэ кIэлъыплъыну.

ЗэIущIэм къыщыщхьэщащ мы гъэм къэрал дэIэпыкъуныгъэу мэкъумэш хозяйствэм къыIэрыхьэнур сом меларди 3 зэрырхьур, зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэхэмкIэ абы иджыри къыззрыдыщIащ-гъунур. Нэхъыбэу а мылъкур трагъэкIуэдэнущ къэкIыгъэхэр къэгъэкIыным, Іэщ гъэхъуным, псы щIэгъэльэдэным. КъэкIыгъэхэр уэм щыхъумэн Іуэхум сом мелуан 40 хухахащ.

КIуэкIуэ Казбек гулъытэ хуищIу къыхигъащащ ящэ мазищым къриубыдэу иджы ящэ мы гъэм мэкъумэшыщIэхэр дэIыгъныным субсидиеу сом мелард 1,5-рэ зэрыхуэгупIыщащ. Абы Іэмал къаритынущ Іэнатlэм щекIуэкI зыужьыныгъэхэм къыкIэрымыхьныкIэ, мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIым и куэдагъым хагъэхъуэныкIэ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ Налшык къыщрахьэжьа поликлиникэщIэм, ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэм я уардэунэм, еджапIэхэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ, спорт объектхэм я уху эныгъэхэр зэрекIуэкIым. Псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Іуэхущ1аIпIэхэр лъэпкъ проектхэм хьыхьэу ягъэзащIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм пщэрылъ ящIащ1 лэжьыгъэм зэрехъулIэр, ар и чэзум зэфIэзэкIыныр я нэIэ щIагъэтыну.

Гум имыхуж гъатхае

● Жыжьэ - гъунэгъу

Илъэс 30-м нэсауэ (1995 гъэ лъандэрэ) гъатхэпэм и 28-р ди республикэм щыдогъэлъапІэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэу. Хамэщ Іым гугъу ехьу щыІа балъкъэр унагъуэхэм ящыщу мащІэтэжьым адыгэ благъэрэ Іыхьлырэ зиІэхэр: зы жьыІэ, зы щІыналъэ исхэр зэрыщыхьурт, зэдэпсэурт, зэдэлажьэрт. Ди газетым и щІэджыкІакІуэ, Каменномост (Къармэхъэблэ) жьылэм дэт курыт школым илъэс куэд лъандэрэ адыгэбзэр щезыгъэдж ЛЫХЪ Людмилэ къэтхутопсэлъыхьыж и анэш балъкъэрэ анэ а лъэхъэнэ гугъум ятелъэ бэлыхьхэмрэ хьзэабхэмрэ.

Сурэтым: (ижьыжьмкІэ къыщыщІэдзауэ) **Кайгермазовэ Патимэтрэ абы и шыпхъуи ипхъу Къэшэж Марямрэ.**

«СЫТ ЩІАТ Хьэбзэ сызэрыщымыІэрэ... Си Іыхьлы куэд щопсэу Хьэбзэ: Кучуковэ, Ахматовэ, Кайгермазовэ... Ауэ зыкъом щІащ сызэрымыкІуэфрэ: кІэ зимыІэж Іуэхум сыкъыздахуэркъым. Иджы мис, гъуэгу сытеуващ, си Іыхьлыхэр ззэгъэпльагъуну... Гъуэгум сыздытетым куэд си гум къыдредзеиж, гукъэкІыжхэри щхьэм щызэблокІ...

Щкольм сыщыщІэсым, еджакІуэхэм хабзэу диІащ, иужь дыдэ уэзджынэр къыщыстхурагъауэ махуэм ди егъэджакІуэхэм ландыщэ Іэмал имыІэу ештын хуейуэ. Зэрыкласу Къармэхъэблэ дикІри, Хьэбзэ къуажапщэ дыдэм ищхьэжкІэ иІэ мэзым дыкІуат уди гъэгъэхэр къытныну, етІуанэ махуэм ди егъэджакІуэхэм дахуэупсэн щхьэкІэ. Абы и ужькІэ мыбы сыкъыщыкІуар фІыуэ сльагъу си Анака - си анэшхуэм и анэр - дунейм щехьжаращ.

Си сабиигъуэм щыгъуэ си анэмрэ анэшхуэмрэ саригъэсуащ Анака деж дыкъыззэрыкІуэу щытар. Анака и цІэ дыдэр Акъкъызт («хьыджэбз хужь»), ауэ и бынхэри, абыхэм я бныныжэри – псори зэреджэр Анакат («ана-ака» - анэшхуэ, пщІэ зыхуащІ цІыхубз нэхъыжь). Зэгуэрым, апхуэдэу дыкІуэу, балъкъэрбзэкІэ псалъэ зытІущ сщІэр «зэхэздэрэи», «къалайса-ри» абы хэтыжу, жеСат, Іэплі щыхуэсощІым. Ар зыкІэ гуфІатиІ Балъкъэрыбзэ ззэгъэщІа и гугъэу, мыуыбгъэжу псалъэ гуапэ гузрэкр къыжкІэрт. Сэрэ, сыкъэхуэжьыр арати, си щхьэр щІыбыу сыкІуэжу, и пхъэнтэшхуэр къызэтрихырти - сытыт абы фІыгъуэу дэмыльыр: щэкІ, бзыхьхуэ, щыгъэ, тхьэгъу цІыкІу сыт хуэдэкр... Мис абыхэм ящыщ къызитауэу хуабжьу зыгъэщІагъуэу сыкъэкІуэжырт.

Иджыри сызэщІэжащ си анэшхуэ шыпхъуэр сэбэп къызэрытхуэ-хьуауэ щытар. Балъкъэрхэр дапщэщи цыкІэ ерыщтэкъэ, дэ ди анэхэм цы лъэпэд тІэкІу ящІ мыхьумэ, апхуэдау цьм елэжьыртхъыж. «Іэпльэщ щхьэ зэрымыхьэрэ, уи хьыджэбзхэр къыздэкІуэтеящ, къыбдэІепыкъуфынущ», - къагъэпсэуртэкъым си анэр и анэ шыпхъуэм. Си анэр тегушхуэртэкъым. Іэпльэщ зэрыззрахъэ машинкэри мащІэ и уасэтэкъым. Сытми, тегушхуэри, машинкэр щІыхуэу къыщтащ, Мамэ и шыпхъу бынкэр я машинкэхэр яІыгъыу къакІуэри, махуэ бжьыгъэкІэ ди деж щыІащ, Іэпльэщ щІыкІэр, зэрэжьыщІыжыр, зэрахъур, зэрафыщІыжыр дагъэпльагъуу. А махуэ бжьыгъэм абыхэм Іэпльэщу тхуащІар тщэри, щІыхуэри заншІэу зытедгъэкІыжат. Си адэм и закъуэт унагъуэм лажьэр, дэ зэрыбфиных дыхъурт. Мамэ щы иджырт, зэшыпхъухэм тщІырт, ахэр Псыхуабэ щащэжьыртри, унагъуэм дызыхуеину псор къыщІыжырт.

Машинэм диуу дыздэкІуэм, зыщымыгъэнщІу зэм сэмэгумкІэ, зэм ижьымкІэ соплъэ. Егъэлеяуэ щІыпІэ дахэщ. Бгыхэр лъагэщ, щхьэнтІэщ, бгъэунщІагъ щІыкІу куэд иІэщ. Си сабиигъэм зэрыщытащ – зыми зихъэжьмкІэ. Ауэ къуажэ кІуэщІым зэхъуэжьныгъэ щыкуэдщ: унэмІэ дахэхэр дащІыхьащ.

Куэд щІащ зэрымыпсэужрэ си анэшхуэм и анэ Кучуковэ Акъхъызи балъкъэрхэр Іыхьлы къытхуэзышІа си анэшхуэ Мырзэбэч (Кучуковэ) Софиятэ. Си анэшхуэм и шыпхъуэм ящыщу псэужьр Кайгермазовэ Патимат (ФатІиматэ) и закъуэщ. Ар илъэс 90 ирикъуащ. Мамэ сэрэ дыкъыздэкІуари абы дыкъыздэкІуари, сэ ди анэхэм сэ тэрэмщІу. Си жагъуэ зэрыхьмщІу, сэ балъкъэрыбзэр иджыри ззэгъэщІакъым.

Кучуковэ лъэпкъым и тхыдэр къыгъэхпІэ имыІэу зэрыхьаурт и тхыдэм епхащ. 1942 гъэм ГъатхэкІ мазэу уиГъуэм я цІыхухэу нэхъыжьхэ Кучуковэ Даутрэ абы и къуэшымрэ зауэм дащащІ. ТІури хэкІуэдащ. Ар япэ удынт. КъыкІэлъыкІуэ удыныр – ар балъкъэр лъэпкъыр зэрырашарт. 1944 гъэм ГъатхэпэМ и 8-м Хьэбзэ къыдыхьащ зауэлІэхэр зэрыз машинэхэр. Сэлэтхэм тІурытІу унагъуэхэм зытращІауэ щІэрт, абыхэм исхэм гъсыныгъуэ загъэхьэзырыну унэрэ ящІащ.

«Ди унэм къыІухьа сэлэтхэр ди бжэм лъакъуэкІэ къыкІуэлІыпкІэщ, Іуаудри къыщІыхьащ. Хуабжьу къытхуэхтІкІийт, къытщІэгуорт, - Патимат и япэ гукъэкІыжхэм ящыщщ а ГъатхэкІэр. - Ди анэр гужьеяуэ ГъырТ, Іэрпхъуэр хъуауэ къыщтэнури зэпхъуэнри ищІэжьртэкъым. Абы и щытыкІэр зыльтэгуэ сабийжэр дышынауэ нэхъ Іеижу дыгъэрт. Сэлэтхэм дагъэпІащІэрт. Зэман диІэтэжьым.

Асыхьэтым зы сэлэтым гу лъитащ стІолыщхьэм тет Іэрыгъэдэм бгъэдэль письмом. Къыщтэри зэпилпъыхьащ. Ар ди адэм и иужь дыдэ письморат. Унагъуэм я цІыхухэр Хэкур иухьмэну зэрыдэкІар къыгурыІуати, тІэкІри нэхъ щабэ къэхъуа хуэдэт. «Мыр къызыдэщтэ, цІыхубзыр къыпхуэхъунщ», - жиІащ абы, ІэрыгъадэмкІэ и Іэр ишийри. Ар жиІэри, езым и Іакіэ ихьри, машинэм иригъэуващ. Пэж дыдэу, хуэ дыдэкІэ сэбэп къытхуэхъуат а Іэрыгъадэ цІыкІур...»

Даутрэ Акъхъызрэ бынибл яІэти, псори хъыджэбзт. Нэхъыжьыр – Софят (си анэшхуэр) - абы щыгъуэ адыгэ унагъуэ ихьакІэт, си адэшхуэ Мырзэбэч Мухьэмэд и щхьэгъусэт. Арати, ирамышу кьелат. Ауэ фи нэгу къыщІэвгъэхьэт Анака тхъэмыщІэ зэрыхуа щытыкІэр: абы и гур тІууэ зэгуэтхъэрт. Абы Софят къыздищтэну хуейт. Ауэ и Іыхьлыхэм кьхуадакъым: «Дэ дызадзэр тщІэрщІ. Къэдгъэзэжьмэ, ди анэр зэзэщІэжьмэ... Мыхъухэмэ а зыр дэ тщыгу псэууэ къренэ...» Си анэшхуэм къыкІэлъыкІуэ Забыт илъэс 14 хъурт, ФатІимэт – 12, Даурхъан – 10, Іэминат, Хьэлимэт, Саният сымэ нэхъ цІыкІуэт. Патимат къыззрищІэжьмкІэ, ахэр зыкъомэ машинэхэм ягъэкІуащ, итІанэ мафІэгугъэм ирагъэтІысхьэри, Фрунзе кьалэм ящащ. Махуэм зэ щІакъуэ гъэгъуэ тІэкІурэ хъудыр гуэррэ къратырт. Кхъухьэм ирагъэтІысхьэри, ауэрэ Кьыргрызыстм къыщІидзащ, Иссык-Куль гуэлым и гъунэгъу.

Ирашахэр колхоз-колхозкІэрэ ззбградзащ. Япэ лъэхъэнэм икъукІэ гугъу ехьахэщ. Зы пэшым унагъуитІущ щІэсхэт. Акъкъызэ хьыджэбз нэхъыжьхэр и гъусэу пщыдзжьжьэ нэмэзым къыщыщІэдзауэ жэщ хьуху гуэлым деж щыщІэдзаурт. Бдзэжьей хэр зэІахьиу, ахэр чеишхуэхэм ирагъуныуэрэ зэхъыр хъуар кхъухькІэ Іуарагъэшу. А лэжьыгъэ хьэлъэм пэрытхэм я нэхъыбапІэр цІыхубзт, цІыхухъэхэр фронтым щыІэт. Тэтэрхэр, урысхэр, кьыргрызхэр, балъкъэрхэр зэдзлажьэрти, пщІэ яку дэлът, зэдзлъхъэшыпхъуэм хуэдэу фІыуэ зэрыльэгъуат.

Лэжьыгъэр хьэлъэт, псом хуэмыдэу сабийжэмкІэ. Къыпхуэлэжьыни щІэтэжьыкІ – мазэ псом зы щыгъу килограммт. Іэжьэгъуэ маХуэр и кІэм нэса нэужь, я щыгТынкэр гуэлым хажьышІэрт, мывэжэм трауб-гъуэрти, тІэкІу яГъэгъущырт, ныкъуэгъущу щатІэгъэжьыри, унэм къэкІуэжьырт. Иныкъуэм джэ гъунэгъу къуажэм бдзэжьей яхьыртри хуаужэрт: бдзэжьеиІущым хуэззу зы шу ІуІэрти яхьратырт. Я гъунэгъу кьыргрыгъым гу цІыкІу къарита нэужь, Іэхъур нэхъ тынш хъуат.

Накъыгъэм къыщыщІэдзауэ зыщыхьэуІум нэсыхут бдзэжьеим зэрелэжьыр. ИтІанэ губгъуэм щылажьэрт, мэл щыщырт. Патимат мэл щыным апхуэдизкІэ хуэІэзэ хъуати, ар бдзэжьей зэІыхьынм нэхъэ Іэджэкі э нэхъ тыншу къыщыхъурт.

Балъкъэрхэр иджыри Кьыргрызым щыІэу, 1946 гъэм, Къармэхъэблэ Акъкъызы пхъурылъху къыщыхуалъхуат – си анэ Марям (Жануэ). А зэман дыдэм Акъкъызэ я гъунэгъу къыргрызхэми хъыджэбз щІыкІу къахэхъуат. Анака ар езым и пхъурылъхуэм ещхьу илъэгъуат, щыгъын щІыкІуэр хуиудрти, Жануэс щІыкІу щитІагъэу и нэгу къыщыгъэхьэрт...

Зы илъэскІи жэмышу лэжьащ Патимат. Фермэм и нэхъыщхьэ Колесниковыр хъыджэбз щІыкІум апхуэдизкІэ къыхуэзарэзыти, и лэжьыгъэфІым папщІэ саугъэту щхІэ щІыкІу щІащ. Илъэс Іэджэ ящІэкІэ, къыфлэр ди щІыпІэхэм къэкІуати, ФатІимэт деж щыхьэщІауэ щытащ. Мэл хуаужІри, балъкъэр унагъуэм зэрыщыхабзэу, пщІэ хуащІу яГъэхьэщІат. «Сэ щІэх-щІэхыу Нартсанэ сыкъэкІуэри, фызыхуей гуэр кхъыжефІамэ, иджы сыкъэщІыжьынкІэ, къафхуэсщэнт», - жиІащ абы. «Цемент дыхуейт», - щыжраІэм, зи хэку зыгъэтыжагъащІэ балъкъэрхэр апхуэдизу зыхуэныкъуэ цементыр къахуиІащ щыІэм.

Зэман дэкІа нэужь, хамэщІыжьми, Патимэт сымэ я псэукІэр нэхъыфІ хъуащ. «Іэрыгъадэр къыздэщІэщта», - кхъыжэІуа сэлэтым сыту Іейуэ игъэунат Анака! А щІалэр мыхъуамэ, гуэзвэгъэмэ хэт щІыхубзым абы и щхьэр нэсынт? Гъунэгъу иІэм зыгуэркъэр яхуидырт, абы и фІыгъэкІэ унагъуэр мэжалІэрэ ящІащ. Аурэр сом зэхуахьэсри, жэм къащІэхуащ. Жэмыр здыщІэтын яІэтэкъыми, щІымэхэм сом унэм щалъгъат. Иджы сабийхэм сыт щыгъуи яІэт шэн, шхун, кхъуеи. 1957 гъэм къыщыкІуэжьыи, унагъуэр зыпІа жэмыр ягу пымыкІыу къыздащэжат. Зауэм зэкІуэда Даут щхьэкІи ахъшэ тІэкІу къратырт. Аурэр я псэукІэри зэтеуэжащ.

Нобэ Патимат жьыщхьэ махуэ хъуащ: и бынхэм я бныжьи, абыхэм кьалъхужаи илъэгъуащ; и къуэ Мурат, и нысэ Алисэ, и къэрпІъхуэм я гъусэу мэпсэу. И узынщагъэр тІэкІу ебами, и зы нэмэз щыгъуэ блигъэкІыркъым, и акъылыр жанщ, щІэупщІакІуэ къакІуэхэм и гъащІэ хьалъэм и гугъу яхуещІри щысщ...»

Пыхьым щыгъуазэ дызыхуищІа гуГъуэгъэжьм хуэдэ куэд щалъэгъуащ балъкъэрхэм хамэщыж. А лъэпкъым ехьэлІауэ захуагъэр тепщэ щыхуэжа нобэ хуэдэ махуэшхуэр гъэувыним и лъабжьэщ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1957 гъэм къыдигъэкІауэ щыта Унафэр. Абы ипкъ иткІэ къащтауэ щытащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкІынмк и Іуэхукіэ» республикэ хабзэри. Апхуэдэу зэфІагъэувэжащ балъкъэр лъэпкъым и къащтэрэ.

Зыгъэхьэзырар
КЪАРДЭН Маритэщ.

Цыхуфі и Іуэхущіафэ кІуэдыркъым

● Фэеплъ

«ЦІыхум и пщІэр къыхуэзыхьыр и лэжьыгъэрщ. Уэ къуащІэну узыхуэмейр нэгъэщІми иумыпсэ. Зыгуэрым сэбэп ухуэмыхьуфми, уи зэран имыгъэзкІ. ГъащІэм псори къыщіппыкъуокІыж» - апхуэдэ къыхуеджэныгъэхэм тету и гъащІэ гуэгуанэр ирихьэкІащ «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкІэ лэжьа Къардэн Мухьэмэд Мучэзир и къуэм. ЦІыху дахэт, лъагъуэгъуафІэт, сытым дежи и нэгум гуфІэгъуэрэ дзрэжьгъуэрэ кьриикъу, езым и Іуэху еплъыкІэ иІэжрэ, ар гъащІэм щыпхигъэкІыфу апхуэдэт. Псэужамэ, мы махуэхэм абы и ныбжьыр ирикъунут илъэс 70.

Къардэн Мухьэмэд Мучэзир и къуэр 1954 гъэм гъатхэпэ мазэм и 28-м Зеикъуэ къуажэм щыщІалъхуащ. Ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и химико-биологие, экономикэ факультетэм, Экономикамрэ правэмкІэ Кисловодск институтым и юридическэ къудамэм.

1976 гъэм Къардэным БЛКСМ-м и Ленинскэ райкомым пропагандэмкІэ и къудамэм и инструктору лэжьэн щІидзащ, 1977 гъэм ар училищэ №12-м и комсомол комитетым и секретару хахащ. Иужькіэ, 1978 гъэм, БЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым пропагандэмрэ щэнхабзэцІыхубз лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и лектор къуныкъым пэрыхащ. 1981 гъэм БЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и лектор гупым и унафэщІ ящІащ.

1984 - 2020 гъэхэм Къардэн Мухьэмэд «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. Ар УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэу, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэтащ, Творчествэмкіэ дунейпсо академиеми и академикыжь, КъБР-м щыІэ УФСИН-м и Жылагъуэ советыми и тхьэмадэу щытащ. И лэжьыгъэм щІэІэзэфІэкІэхэм папщІэ абы къыхуагъэфэщащ УФ-м и Журналистхэм я союзым щыхьэ зиІэ и дамэгъуэ лъапІэр.

«Советская молодёжь» газетым и зыужьынигъэм и гуащІэшхуэ хилъхьащ Къардэным. Газетым гъэугуанэ щІэщІафІэ къызэринэкІащ, зэманым сыт хуэдэ щытыкІэ иригъэувами, и къалэн нэхъыщхьэр - щыхуэхэм я деж хъыбарыр къжьсыныр - игъэзащІэу ноБэм къэсащ. 90 гъэхэм я пэщІэдзэ дыдэм газетыр щытыкІэ хьэлъэ ихуат. Ар зэхуащІыжьым нэсауэ щытащ абы щыгъуэ – ипхъэкІэ ящхьэщытащ а шынагъэуэ. Зыпэрыт Іуэхур фІыуэ зыльагъу, игури и пэсри етауэ зи лэжьыгъэ езыхьэкІ Мухьэмэд апхуэдэу тынш икІуэтынухэм ящыщытхьэм. Абы хуэзэфІэкІащ газетыр а зэманми хъыдыгъэкІыж. Къардэным и унафэм щІэт гупри къызэфІиГъэщІакъым гугъуехьым, уеблэмэ улахуэр и чэзуэм зэраІэрымыкъэми имыгъэщынэу зэкъуэту я редакторым и щІыб хьыдэтащ икІи зэгъуэгу щытыкІэ хьэлъэм къикІащ. Мухьэмэд а зэманым республикэм и Президенту щита КІуэкІуэ Валерэ зыхуигъаэзэри, я Іуэхур зэрымыщІагъэр жриІащ, щІалэгъуалэ газетыр хэмыкІуэдэжамэ нэхъ къызэрытщтэр гуригъэІуащ. КІуэкІуэм Іуэхум хэкІыпІэ гуэр къызэригупсысыну къиГъэгугъэри, абы иужькіи куэд дэмыкІыу, 1993 гъэм щыщІэдзауэ, «Советская молодёжь» газетыр КъБР-м и Правительствэм и нэІэм щІэту къыдэкІ Іуэхущ икІи газетыр зыужьынигъэщІэм и Іуэгуэм теуващ. Ар тхьэмахуэм зэ къыдэкІ хъуащ – ипэщІыкІэ напэкІыщІ 12-у, иужькіэ напэкІыщІ 16-м нэсащ. Республикэм къыщыдэкІ газет псоми ящэ компьютер техникэкІэ къащыпт хъуар «Советская молодежь»-рщ. Лъэпкъым и къэкІуэным игъэгумащІ, абы зиузэщІыныжькІэ хуэзфІэкІ сытым дежи зыужьынигъ Мухьэмэд абы и бзэмрэ и хабзэхэмрэ зегъэужьынымк, егъэфІэкІуэным и лъэныкъуэкІэ газетым хуэзфІэкІынымк щегупсысыми, адыгэбзэкІи балъкъэрбзэкІи напэкІыщІ щхьэхуэхэр тедзэныр - «Псынэмрэ» «Шауданымрэ» - къыхилъхьащ. Абы щыгъэм апхуэдэ Іуэхуэхэр къащащтэр КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и зэІущІэрати, зи чэзу зэхьхьэм и Іуэху еплъыкІэр къыщыхьэсащ, зыми къыздыгъэІатэжькъым. АбдежьэкІэ зи уэрэ ихьа Іуэхуэр ещхьыбгъэкІ Къардэнырэ абдеж къыщыхэтеувыІакъым. Партым и ЦК-м пропагандэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэм и дежа а Іуэхуэр щыпхигъэкІауэ щытат.

ЦІыху хэтыкІэ дахи иІэт Мухьэмэд, «Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ» зыхуэжаІэхэм хуэдэт ар. Гъэсэныгъэшхуэ бгъэдэлът, цІыхугъэ лъагэ хэлът, гушыІэ дахэ иІэт, псэльэгъу гъащІэгъэнт. Мыхъуамэ, зыхьхьэ і гуп гуфІэгъуэкІэ зэхуэдэу апхуэдэт. Псоми фІыуэ я къалэгъуэт, ар зыцІыхухэм зыми щэч къытрахьэртэкъым сыт хуэдэ Іуэхукіэ абы зыхуагъаззми, абы и деж дэІепыкъуныгъэ зэрыщагъуэтынум. КъызэгъэпэщакІуэ емызэшт, зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Іуэхури нэгъэсауэ зэфІихьырт. Абы щыхьэт техуэфынущ ар зыцІыхуу щита дэтхэнэ зыри. Апхуэдэ и Іуэху бгъэдыхьэкІэрт, цІыху хэтыкІэрт абы и пщІэ ящІэрти кьхуэхьэсыр. Ныбжьыгъэ цІыхубзыр щхьэ ящІ, зыми къыздыІэтатэкъым. Апхуэдэкіэ зи уэрэ ихьа Іуэхуэр ещхьыбгъэкІ Къардэнырэ абдеж къыщыхэтеувыІакъым. Партым и ЦК-м пропагандэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэм и дежа а Іуэхуэр щыпхигъэкІауэ щытат.

ЦІыху хэтыкІэ дахи иІэт Мухьэмэд, «Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ» зыхуэжаІэхэм хуэдэт ар. Гъэсэныгъэшхуэ бгъэдэлът, цІыхугъэ лъагэ хэлът, гушыІэ дахэ иІэт, псэльэгъу гъащІэгъэнт. Мыхъуамэ, зыхьхьэ і гуп гуфІэгъуэкІэ зэхуэдэу апхуэдэт. Псоми фІыуэ я къалэгъуэт, ар зыцІыхухэм зыми щэч къытрахьэртэкъым сыт хуэдэ Іуэхукіэ абы зыхуагъаззми, абы и деж дэІепыкъуныгъэ зэрыщагъуэтынум. КъызэгъэпэщакІуэ емызэшт, зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Іуэхури нэгъэсауэ зэфІихьырт. Абы щыхьэт техуэфынущ ар зыцІыхуу щита дэтхэнэ зыри. Апхуэдэ и Іуэху бгъэдыхьэкІэрт, цІыху хэтыкІэрт абы и пщІэ ящІэрти кьхуэхьэсыр. Ныбжьыгъэ цІыхубзыр щхьэ ящІ, зыми къыздыІэтатэкъым. Абдежьэкіэ зи уэрэ ихьа Іуэхуэр ещхьыбгъэкІ Къардэнырэ абдеж къыщыхэтеувыІакъым. Партым и ЦК-м пропагандэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэм и дежа а Іуэхуэр щыпхигъэкІауэ щытат.

«Сыт и лъэныкъуэкІи уи дзыхь ебгъэз хъуну, псалъэ итамэ, абы тебгъуэтэжу апхуэдэт Мухьэмэд. Нобэрей зэманым апхуэдэ цІыху куэдым урихьэлІэнукъым. ЦІыхур хъэпщІыкнымэ, гъуэгуанэ дытехьэ, жаІэ. Абы и гъуэсу сэ куэдрэ сежьащ, хамэ хэрэлахэми зэгъуэсу дыщІащ. Ар уи гъуэмэ, укъымыкІынут. Гъыку уихьэ зэхуэмыдэу, ар зыкІэ ящІ ІуэхукІэ. АдыгэлІ зи уэрэ ихьа Іуэхуэр ещхьыбгъэкІ Къардэнырэ абдеж къыщыхэтеувыІакъым. Партым и ЦК-м пропагандэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэм и дежа а Іуэхуэр щыпхигъэкІауэ щытат.

«Сыт и лъэныкъуэкІи уи дзыхь ебгъэз хъуну, псалъэ итамэ, абы тебгъуэтэжу апхуэдэт Мухьэмэд. Нобэрей зэманым апхуэдэ цІыху куэдым урихьэлІэнукъым. ЦІыхур хъэпщІыкнымэ, гъуэгуанэ дытехьэ, жаІэ. Абы и гъуэсу сэ куэдрэ сежьащ, хамэ хэрэлахэми зэгъуэсу дыщІащ. Ар уи гъуэмэ, укъымыкІынут. Гъыку уихьэ зэхуэмыдэу, ар зыкІэ ящІ ІуэхукІэ. АдыгэлІ зи уэрэ ихьа Іуэхуэр зыдэсІаГъуу щита Къардэн Мухьэмэд, сэ сызэреплъымкІ, сыткІи щапхъэу дунейм тетащ», - жеІэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфіыцэ Мухьэмэд.

Къардэнир зыдэлэжьахэми гуапэу яГу кьагъэкІыж, зэрыжаІэжжэмкІэ зы унагъэшхуэм хуэдэу зэхэтащ, я гуауи, я гуфІэгъуэ щыгъэгъуэ зэжащ. УнафэщІым дзыхь яхуищІырти, тыншу ящхьэщІэжьыкІырт. Гъэсэныгъэ ІуэхущІ къуэкІыж къэхъуащ, апхуэдэжьм деж Мухьэмэд езым и еплъыкІэр пхимыгъэкІыу, редакцэм щылажьэ псори абы къыхишэрти, зэгъуэсу зы унафэм хуэкІуэрт.

«Иджыри еджапІэм сыщІэсу, лэжьыгъэ и пІалъэ зыхъэгъэгъэзэну «Советская молодёжь»-м и редакцэм сыкъэкІуауэ щытащ. Мис абы щыгъэщІ Мухьэмэд къыщыдсІыхуар. ЛэжьапІэ сыкъыщыдыхьаи республикэм щекІуэкІ политикэ Іуэхуэм сыгъэгъэзэжьынкІэ щІидзащ. «ЗыльмэкІэ яГъэІэзащ» жьыхуаІэм хуэдэу, а ынэтІыныгъэм зыкІи сыдимыхьэхьу, ар абы къалэн къыщищІат. Абыкіэ жьысІэну сызыкуейраци, ящыныкъуэхэм дежь, лэжьыгъэ и пІалъэ фІыуэ зэрищІэм къыхэкІыу, узыпуэйр узыпІэзыщынур уэ нэхърэ нэхъыфІу абы къызэригъэнэІуэфырщ. Иужькіэ абы сыкъыщІыкІыри, зэман гуэркІэ нэгъэущІ ІэнатІэжэм сыпэрытауэ редакцэм къэзгъэзэжакІ зэи сыхущІегъуэжакъым, уеблэмэ си гуапэу сакъыхьэжащ. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, мыбы щыІэ зэхэтхьэм хуэдэ сэ нэгъэущІпІэ сыщірихьэлІащ. Мухьэмэд фІэфІтэкъым зэрыхьэрийжэр, псалъэмакъ мышыкъэр къыщІекІуэжьм. Абы къыхэкІыри, редакцэм щытыкІэ тэмэм къыщІэзгъэзэпэщІыным мыхьэнэшхуэ иритырт. УнафэщІ гкІийр зэпыщІэлъатІэуну хэтащ. Абы фІы дыдэу ищІэрт и лэжьакІуэхэм яІыгъ дэтхэнэми и къэщІэнгъэ зыдынэсри икІи зиужь итар мис ар тэмэму кьызэрагъэсэбэпынырт», - жеІэ «Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретарь Къардэн Маринэ.

Дэтхэнэ зы цІыхуми и ехьэлІэныгъэ нэхъыщхьэр унагъуэ зэгурыІуэмрэ зэпэщыжьмрэщ. Гупсэхугъуэ щигъуэт, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кьеЗыт унагъуэ дахи и щІыбагъ кьыдэт Мухьэмэд. Абы и унагъущэмрэ езымрэ хабзэ, нэмыс, зэгурыІуэ, пщэ яку дэлъу кьызэдэгъуэгурыкІуащ. Я бынитІми гъэсэныгъэ дахэ иратащ, гъащІэми лъэ быдэкІэ хагъуэщащ.

«ЦІыхуфІ и Іуэхущіафэ кІуэдыркъым» жьыхуаІэращ, Къардэн Мухьэмэд зыцІыхуу щыта псоми яГу фІыкІэ къинащ икІи ар куэдрэ гуапэу яГу кьагъэкІыжьнущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Хьэршыр и плъапІэт

Къызыхэкіа балъкъэр лъэпкъым щыщхэм нэмыщІ, зэрыкъэралуи зэрыгушхуэ щІэныгъэмрэ щІэпкъэу щытащ ди тхыгъэ зытеухуа еджагъэшхуэр. Ар ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академиеми и академик цІэрыІуэ, ди лахэгъу еджагъэшхуэ Энеев Тимур Магомед и къуэрщ. Мы илъэсым илъэси 100 ирокъу а щІэныгъэлІ щэджащэр кьызэралъхурэ.

ЭНЕЕВЫМ и сабиигъуэр Москва щыкІуащ. Аращ ар щІэныгъэм и лъагъуэ нэхум щытеуварт. Курыт еджапІэм щыщІэса илъэсхэм къыщыщІэдзауэ щІалэ цІыкІур диІэхьэщ хуэрышьм теухуауэ Циолковскэм и ІэтІусісэхэм. ЕсэпымкІэ, физикэмкІэ, астрономиемкІэ щІалэ гурыхуэм ящІэ кьиувэ гупым яхэттэхьам. Тимур щІэхъэпсырт а щІэныгъэ зэхэлэмтэм нэхъ кууужу щыгъуэазэ зищыну, абыхэм я льагаліэхэм нэсыну.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текІуэныгъэкІэ ихуиу яІэжь, щІалэщІэр иужь ихьаш и хуэупсапІэхэм яльэІэсыну. Тимур хуэзфІэкІащ къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъ щІэрыІуэ дыдэм - Москва дэт къэрал университетым - щІэныгъэ блокІам и Іьагъ щызэрыгъэгъэтын. Ещанэ курсым щІэсу арат, Энеевым и курс лэжьыгъэм щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэу Келдыш, Космодемьянский сымэ гуащІэтам. Хьэршым лъатэ ракетэм и гуэзгур ущыхуныкъэ ар цІыхум и унафэм щІэтэтынымрэ теухуат студент Энеевым и япэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Ар апхуэдизу щІэныгъэлІхэм яфІэхьэлэмэт хъуати, журнал щІэрыІуэхэм къытрадзащ куэд дэмыкІыу. Энеевым и лэжьыгъэм щІэгъэзэ зыхуэзыщІа куэдым жаІащ а щІалэщІэм бгъэдэль зэфІэкІыр къызэрыкІыуэ зэрыщытыр, апхуэдэу абы и япэ къэхутэныгъэм хьэршым епха щІэныгъэм адэкІи зиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зэрыІэтыр.

ЕджапІэм щІэныгъэлІ пажэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Ленин, Бэракъ ПІлыжь орденхэр.

Еджагъэшхуэм и Іэдакъэщ ІэкІхэм я нэхъыбэр ноби хуолажьэ хьэршым ятІыпщ аппаратхэм я псынщІагъэр къэхутэнымрэ ахэр цІыхум и унафэм щІэгъэтынымрэ. Ар ящІэ и щІэныгъэ лэжьыгъэ куэдым щІэпсэу. Ар и ІэтІусісэхэм ящІэ ящІ мыхьэнэ зэрыІэтыр. Апхуэдизкіэ ІэкІыгъуэ хьэлэмэт куэдм итщ еджагъэшхуэм и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ ятеуухуа «Вагъуэмрэ щэху ущхьэгъэмрэ я нэху» тхылъ гъэщІэгъэнымк. Ар и къэхутэныгъэхэр сэбэп ин академиеу ехьэлІэныгъэфІэхэр иІэу щолажьэ хьэршым епха щІэныгъэм ди щІыналъэм зыщеГъэужьынымк хэгъэнса лабораторэ хьэлэмэт. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ абы Энеевым и цІэр фІащащ. Зи къэгъэщІэрэщІыжьныгъэр мы махуэхэм зыгъэлапІэ бгъалъхьэу лъэпкъым щыщ еджапІэхэм ящІэныгъэм ди щІыналъэм зыщеГъэужьынымк хэгъэнса лабораторэм гукъыдэжьыщІэу щолажьэ, къэхутэныгъэ хьэлэмэтэкІэ щрагъэкІуэкІ хьэршр щІэныгъэм дихьэх ныбжьыщІэхэм. КъэхурыкІ абыхэм Энеевым хуэдэу лъэпкъым, ди республикэм я щІэкІэр фІыкІэ зыгъэІэн ІэщІагъэлІ щыпкъэ ящІ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Жылагъуэр зэкъуигъэуващ

УФ-м и Президент Путин Владимир Москва областым щыІэ «Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуапІэм къыщыхъуа щІэпхъаджагъэм теухуауэ иригъэкІуэкІа зэІуцІэм фІыщІэ щахуищІащ лей къызытехьэм яГъэІэзэ щыгъуэ щІэпхъаджагъэ гущІэгъуэ къэзыгъэхъуэжэр щыгъуэгъащ жылагъуэр хъэрпхъэр ящІыну, зэгурымыІуэныгъэ къыхалъхьэну. АрщхьэкІэ зыІууар цІыхухэм я зэкъуэтыныгъэмрэ я Іуэхущіафэ шынагъэм зэрыпщІэтын тегушхуэныгъэрэщ, - жиІащ Урысейм и Президентым.

**Путин Владимир и псалъэхэм къызэрыхущамкІэ, жылагъуэм кьигъэлъэгъуащ зэакъылгъэныгъэм, зэкъуэтыныгъэм, зыр адрейм ди

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Лъабжьэ быдэ

Гъатхэпэм ягъэлъэпІащ (нэхъ тэмэму жыпІэмэ, ягу къагъэкІыжащ) СССР-м и Министрхэм я Советым и деж Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ щыІа комитетыр (КГБ цІэрыІуэр) къызэрызагъэпэщрэ илъэс 70 зэрырикъур. Пэжу, ар, езы Іуэхуащ Іэмэи зэрихабзэу, хэІущІыІущэ ящІакъым.

ЗЭРЫГУРЫІУЭГЪУЭЩІ, а щэхурылажьэ къуплькъущІапІэр иджы щыІэжкъым. Арщхьэкіэ езым и зэманым ар дуней псор кышІэрІыпІыкІ кІарууэ щытащ. Хэбгъэзэхьмэ, США-м и Голливудым абы и «ІуэхущІафхэм» теууэ фильм куэд игъэуващ. КъухьапІэ кином и пэжьакІуэхэм иджыри къэс я гугъэщ зауэ щІыІэр зэриухрэ илъэс 30 дэкІами, КГБ-м зэгуэр пыщІауэ щыта цІыхухэм дуней псом Іуэху щэхуэр щыгъэкІуэкІыу икІи ЩІы хъурейр гуэзвэгъуэ хагъэту. Ау ахэр щоуэ: апхуэдэ кІалэнхэр мы зэманым езыхьэкІыр США-м и ЦРУ-м, Инджылызым и МИ 6-м, Израильм и «Моссадым» я агентхэщ, франджы тІасхъэщэхэри абыхэм яхэтыжу. Зи гугъу тщІыхэм правительствохэр традз, я Іуэху кьыдэзымыІыгъ политикхэр лъэныкъуэ ирагъэз, террористхэр кьагъэсебэп, дунейм и щыпІэ псоми зауэхэр щыізэщІагъэст. Абы щыІэуэми, Совет Союзым и лъэхъэнэ КГБ-м къулыкъу щызыщІа офицерхэр иджы мамыр, кьаруэхьэ кьарухэм, бизнесым я унафэщІ ядэрычэтыщІэ лэжьакІуэ, политик Іэзэ хуяхэщ. Пэжу, ди дежи иджыри зыкъомым кьыщалъытэ Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ комитетым и лэжьакІуэхэр «пхэнжу гупсысэхэр», ди къэралым и политикэр зэмыдзэкэр езыдыдых кьаруэр фІэкІа нэгъуэщІу щымытауэ. Ауэ ар пщІыщ. Абы щыхьэт техъуауэ щытащ пІалъэ кІыхькІэ - илъэс 15-кІэ - КГБ-м и Іэтащхьэу щыта Андропов Юрий.

«Ди чекистхэм ящащышынэмкІэ икІи кьэтелъэ мыхъэнымкІэ лъабжьэ псори зиІэ ди бийхэм я закъуэщ шынагъуэншагъэмкІэ совет Іэнатіэр «полиц щэху» гъэру кьыщІезыгъэдзэщ. ИпэжьпІэкІэ шынагъуэншагъэмкІэ Іэнатіэр езы жылагъуэм кьыззригъэпэщащ империалист тІасхъэщІэ Іуэхущ Іапі эхэм я хьэгъэщагъэхэмрэ ди жэгъуэгъуэхэм ялэжьхэмрэ зыщхьэхуэн папщІэ. Абы и лэжьыгъэр трещІыкъ социалист демократием и хабзэхэм, езыри цІыхубзм, партым, правительствэм я кІэлъыплъынигъэм зэпымыууэ щІэтщ».

Тхыдэм урипльэжмэ, белджылы мэхъу: КГБ-р кьыщызэрагъэпэщыжм шынагъуэншагъэмкІэ совет къулыкъущІапІэхэм я кьалэ щІэтт США-р зи пащэ КъухьапІэм и щэхурылажьэ Іэнатіэ псори. Урысейм и ФСБ-м и Іэтащхьэ Бортников Александр и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, СССР-м и бийуэ кІуэ пэтми нэхъыбэрэ къагъэсебэпырт техникэ тІасхъэщІэх Іэмэпсымэхэр. КьащІэтэмэ, 1955 гъэм дипломатыфэ зытету яубыда американ тІасхъэщІэхэм ди стратегие кьарухэр здэщыІэ щІыпІэхэр кьахутэным хухаха радиоэлектрон Іэмэпсымэ цІыкІуэхэр кьыкьуахащ. США-м и кхъухьлъатэ-тІасхъэщІэхэм щІэхьэщІэр Совет Союзым и хьэуа гъунапкъэхэр кьыззэпаупщІырт. Кьухьапіэм 1960 гъэхэм хьэршыр шпион мурадхэмкІэ кьиГъэІурыщІэу щІидзащ. ШынагъуэншагъэмкІэ органхэм къэрал щэхуэр зэрахъумэну Іэмалыщ Іэхэр кьагупсысын хуей хъущ. КГБ-м шпионхэм ящицхьумэрт «кьалэ зэхуэщІахэр», щІэныгъэ-хьэутакІуэ институтхэр, заводхэр, Іэщщэхэр щагъэунэху щыпІэхэр. Хрущёв Никитэ гъунапкъэхэр зэрызыІуихам кьыхэкІыу, СССР-р Кьухьапіэм и къэралхэм политикэ, экономикэ, щІэныгъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ нэхъ куууэ ядэлажьэ хъуат, хамэ къэралхэм я цІыкІуэхэр Іэзэкіэ е я нэгу зрагъэужьыну СССР-м кьакІуэрт. Мис ар кьагъэсэбэпащ КъухьапІэм и щэхурлажьэ Іуэхущ Іапі эхэм.

1955 - 1956 гъэхэм кьытхуеблагъэ хьэщІэхэм зыхагъэпшахьэрт щэху кьэзыІупхьэу шпионхэм. Аэр хущІэкъуэрт кьагъэІулэу совет щІыхуэр я Хэкум ирагъэпщІыжыну. Апхуэдэхэри кьыкьэзэкІащ. Абыхэм я мурадыр кьыззэпадыкІ пащІэ зи гугъу тщІы комитетым лэжьыгъэщхэз зэфІигъэкІащ.

Андропов Юрий и тетыгъэ 70 гъэхэм КГБ-м и лэжьыгъэр нэхъ зэІуха хъуат. Абы теууа тхыгъэхэр журналхэм традзэрт. Уеблэмэ дэфтэр щэхуэр зи лъабжьэ тхылъэр ятхырт, кинофильмхэр ягъэувырт.

Чекистхэм нэхъ зытрагъащІэр щІэпхъаджагъэхэр зэхрамыгъэщІыхьыныр, арщхьэкІэ кьарури кьамыгъэсебэпу хьуртэкъым. 1977 гъэм ермэлы националистхэм Москва цІыху зезышэ мафІэгур кьиззрыщагъэувам кьэтхуэрагъуащ кьэралым и бийм и лъыи зэрагъэжафынур. Бзаджэнаджэхэр ящубыдащ икІи абыхэм я судыр укІкІэ ящІащ.

1974 гъэм КГБ-м и 7-нэ управленэм кьыщызэрагъэпэщащ контртеррорист Іуэхуэхэр ирагъэкІыныим хуэгъэпса «А» гуп цІэрыІуэр. Абы тхыдэм лъэужьыфІ кьыхинащ. Андропов Юрий и унафэм щІэту чекистхэм кьаха ешхьэлІэныгъэфІу щытащ власть, парт органхэм ящыщхэу мылъкур зэзэлъэфаІэхэм ткІийуэ зэрапэщІэувар. 1960 - 1970 гъэхэм Азербайджан , Грузие ССР-хэм парт лэжьакІуэхэу щэхэр щагъэтІысауэ щытащ, Іупъхьэ кьыІахэуэ кьаумысри. Абыхэм я кьуэпсхэр КПСС-м и ЦК-м зэрыхуащэм кьыжхэІыу кьыщІелъэщ куэдым ГъэІу иратыфаКъым. Уеблэмэ Горбачёв Михаил зи пашэ реформаторхэми зэІуахакъым парт кьулыкъущІэшхэхэм ящыщхэм зэхащІыхьаэр.

Кьэрал шынагъуэншагъэмкІэ комитетым и тхыдэр 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м ирагащ СССР-м и президент Горбачёв Михаил «кьэралшынагъуэншагъэмкІэ органхэм зэхъуэкІыныгъэр щегъэкІуэкІыным и Іуэхуэ кІэ тридза иужь. Абы и пІэкІэ кьызэрагъэпэщащ СССР-м шынагъуэншагъэмкІэ и республикэ кьулыкъущ нэхъыщхьэмрэ. Илъэс зыбжанэкІэ зэхъуэкІтІасхъэщІэхэм ди стратегие кьарухэр здэщыІэ щІыпІэхэр кьахутэным хухаха радиоэлектрон Іэмэпсымэ цІыкІуэхэр кьыкьуахащ. США-м и кхъухьлъатэ-тІасхъэщІэхэм щІэхьэщІэр кьызэпаупщІырт. Кьухьапіэм 1960 гъэхэм хьэршыр шпион мурадхэмкІэ кьиГъэІурыщІэу щІидзащ. ШынагъуэншагъэмкІэ органхэм кьэрал щэхуэр зэрахъумэну Іэмалыщ Іэхэр кьагупсысын хуей хъущ. КГБ-м шпионхэм ящицхьумэрт «кьалэ зэхуэщІахэр», щІэныгъэ-хьэутакІуэ институтхэр, заводхэр, Іэщщэхэр щагъэунэху щыпІэхэр. Хрущёв Никитэ гъунапкъэхэр зэрызыІуихам кьыхэкІыу, СССР-р Кьухьапіэм и кьэралхэм политикэ, экономикэ, щІэныгъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ нэхъ куууэ ядэлажьэ хъуат, хамэ къэралхэм я цІыкІуэхэр Іуэхуэкіэ е я нэгу зрагъэужьыну СССР-м кьакІуэрт. Мис ар кьагъэсэбэпащ Кьухьапіэм и щэхурлажьэ Іуэхущ Іапі эхэм.

Ди республикэм и тхыдэдэм щІэныгъэ-хьэутакІуэ институтхэр, заводхэр, Іэщщэхэр щагъэунэху щыпІэхэр. Абы щыІэуэми, Совет Союзым и лъэхъэнэ КГБ-м кьулыкъу щызыщІа офицерхэр иджы мамыр, кьаруэхьэ кьарухэм, бизнесым я унафэщІ ядэрычэтыщІэ лэжьакІуэ, политик Іэзэ хуяхэщ. Пэжу, ди дежи иджыри зыкъомым кьыщалъытэ Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ комитетым и лэжьакІуэхэр «пхэнжу гупсысэхэр», ди къэралым и политикэр зэмыдзэкэр езыдых кьаруэр фІэкІа нэгъуэщІу щымытауэ. Ауэ ар пщІыщ. Абы щыхьэт техъуауэ щытащ пІалъэ кІыхькІэ - илъэс 15-кІэ - КГБ-м и Іэтащхьэу щыта Андропов Юрий.

«Ди чекистхэм ящащышынэмкІэ икІи кьэтелъэ мыхъэнымкІэ лъабжьэ псори зиІэ ди бийхэм я закъуэщ шынагъуэншагъэмкІэ совет Іэнатіэр «полиц щэху» гъэру кьыщІезыгъэдзэщ. ИпэжьпІэкІэ шынагъуэншагъэмкІэ Іэнатіэр езы жылагъуэм кьыззригъэпэщащ империалист тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапі эхэм я хьэгъэщагъэхэмрэ ди жэгъуэгъуэхэм ялэжьхэмрэ зыщхьэхуэн папщІэ. Абы и лэжьыгъэр трещІыкъ социалист демократием и хабзэхэм, езыри цІыхубзм, партым, правительствэм я кІэлъыплъынигъэм зэпымыууэ щІэтщ».

Тхыдэм урипльэжмэ, белджылы мэхъу: КГБ-р кьыщызэрагъэпэщыжм шынагъуэншагъэмкІэ совет къулыкъущІапІэхэм я кьалэ щІэтт США-р зи пашэ КъухьапІэм и щэхурылажьэ Іэнатіэ псори. Урысейм и ФСБ-м и Іэтащхьэ Бортников Александр и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, СССР-м и бийуэ кІуэ пэтми нэхъыбэрэ къагъэсебэпырт техникэ тІасхъэщІэх Іэмэпсымэхэр. КьащІэтэмэ, 1955 гъэм дипломатыфэ зытету яубыда американ тІасхъэщІэхэм ди стратегие кьарухэр здэщыІэ щІыпІэхэр кьахутэным хухаха радиоэлектрон Іэмэпсымэ цІыкІуэхэр кьыкьуахащ. США-м и кхъухьлъатэ-тІасхъэщІэхэм щІэхьэщІэр Совет Союзым и хьэуа гъунапкъэх

ЧыцІ ерыщхэр

Таурыхъ

Хъуакіуэ къыздикІыжьым, пхъэ закъуэ лъэмыжьым чыцИтІ щыізэрихьэлІащ. Пхъэ закъуэ лъэмыжьым техьэри, чыцИтІыр зэпэуващ, тІуми дадзыхын ядэркъым.

- Щхьэ укъыспэува? СигъэкІ лъэмыжьым! Сэ сопІащІэ! - жиІащ зым.

- Уэращ къыспэувар! Сэ сымыпІащІэ уи гугъэ? ТекІуэти, сыблэгъэкІ! – жиІащ адрейм.

- СытекІуэтынукъым. Уэр нэкърэ сынэхъыкІэ? НэхъыкІэм сыкъэлъхуа? Уэри текІуэт: сопІащІэ жысІакъэ!

- УщІегъуэжынщ, тхьэмыщкІэ! Сыкъомыгъэгубжь. Сэ сытэмакъкІэщІ гуэрщ: натІэкІэ сыноуэнщи, уеэдзыхынщ лъэмыжьым!

- Сэ сынэхъ хуэмыху уи гугъэ! Сэ уеэдзыхьфынукъэ лъэмыжьым! ТекІуэти сыблэгъэкІ жысІоІэ!

- УблэзгъэкІынукъым!

НатІэкІэ зэжьэхэуэрэри, чыцИтІыр зэныкъуэхъуащ – зэрытегъэкІуакъым.

- Сыту уерыщ, уэ Іейр? – жиІащ зым. – СызэрыпІащІэр пщІэрэ пэт, сыблэбгъэкІыркъым.

- Сэри сопІащІэ, - жиІащ адрейми. – Жэщ къызэрыттехъуар плъагъуркъэ: сэ нэхъ жыжьэ сыкІуэжынщ. Пшапэр зэхэуэмэ, ди унэр къысхуэгъэтыжынукъым.

- Дэнэ нэс уздэкІуэжынур?

- Хьэрэкхъуэрэ нэс сыкІуэжынущ.

- Сэ Афэбг нэс сыкІуэжынущ...

- Сэ сынэхъыжьщ, нэмыс къысхуэпщІын хуейщ. Нэхъыжьым гъэгур ират зэрыхабзэр пщІэркъэ?

- Сыт уи ныбжьыр?

- Уафэгъагъуэ уэшхыщхэ къыщешха гъэм сыкъалъхуауэ жаІэ.

- Апхуэдэ ныбжь дэнэ уэ къыздипхар?

- Дуней слъэгъуащ сэ, тІасе!

- Дуней зыльэгъуарэ ныбжь зиІэрэ ухуейм, сэращ! ЩІыр щыхъеи гъэм сыкъалъхуащ сэ!

- Укъамылъхуагъэххэрэт, уэ Іейр! Лъэмыжьым япэ къытехьар сэращ: текІуэти сыблэгъэкІ!

- Уэракъым япэ къытехьар – сэращ! Мо -о-о-о-дэ укъэсауэ ущыслъэгъуам, сэ лъэмыж дакъэм сытетт.

- ЗэрымыукІытэ ар! Сыблэгъэкі, зо!

- УблэзгъэкІмэ, напэ сиІэжьым!

- ФІы щІэпхынкъым, сыбломыгъэкІмэ!

- Уи ней къысщыхуэ!

ЧыцІ ерыщитІыр, натІэкІэ зэжьэхэуэри, лъэмыжьым зэредзыхащ.

Зытхыжар **КЪАРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

Гъатхэмрэ екІэпцІэ мэзымрэ

Гъатхэ нэщхъыфІэр пІащІэу ди щІыпІэм къэсащ. ЩІымахуэм и уаер зришэкІауэ щыта дунейр гъатхэм щыгуфІыкІащ. Абы и уафэри и куэщІри иущІащ, гъатхэр къригъэблагъэу. Псом хуэмыдэу екІэпцІэ мэзым и Іупхэр зэтемыхьэжу гуфІэрт. Сыт щхьэкІэ, жыІэт?! ЕкІэпцІэ жыгым пасэу гъэгъэн щІедзэ. Аращи, мис, гъатхэ дыгъэм и бзийхэмкІэ мэзым щІэт екІэпцІэхэм ятолъэщІыхь. Жыгхэм, къэгуфІауэ, дунейм зыхуагъэщІэращІэ. Къудамэхэм гуль цыкІуэхэр къащІащ. Ахэр зы махуэм нэхъри къыкІэлъыкІуэм нэхъ пІащІэ мэхъу. Мес, тхьэмпэ-бзэгу псыгъуэ щхьэуантІэхэр къыпидзащ. Замыгъэгувэри мэзым щІэт екІэпцІэхэм фащэ удзыфэкІэ захуапэри, гъатхэ удж зэхаублащ. Уафэм и плъэкІэ къащхъуэр зыхащІэу, жыгхэр акъужь щабэм къыдоудж. Жыг щІагъэхэм къыщыгъэгъащажэгъуэмэхэр, епэрхэр, къалэрдзэгухэр. Къэлэрхэри Іуву къызэщІэрыуащ. Абыхэм къапих мэ гуащІэр удз гъэгъахэм къащІехьэ. А псом къахуеплъыхьыу щІыжьдадэ цІыкІур жыг щхьэкІэм щоуСэ. Ауэ вындхэмрэ къанжэхэмрэ хущІыхьэркъым. Абыхэм я абгъуэкэр епІэщІэкІыу эзрагъэпэщыж. Гъатхэр екІэпцІэ мэзым хуэфІу щхьэщыгщ.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

Ставрополь крайм хиубыдэ ЕсэнтІыгу къалэм дэт «Золотая рыбка» сабий сад №24-м и гъэсэн Тереховэ Мия «МафІэгу Іэфі» зыфІища Іэфыкіэр езы цІыкІум ищІри, Нарткъалэ дэт, и анэ Хужьокъуэ Алинэ и сабиигъуэм здэкІуэу щыта «Сказка» сабий садым тыгъэу хъахуригъэшащ.

Билал и Олимп дыщэ медалыр

БэнэкІэ хуитымкІэ дуней псом щэнейрэ и чемпион адыгэ щІалэ Махуэ Билал щагъэлъэпІэнущ Мэзкуу областым и Новованвовскэ къалэм. Мэлыжьыхьым и 30 - накъыгъэм и 4-хэм абы щекІуэкІынущ Урысейм бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпионатыр.

УФ-м Спорт бэнэкІэ лІэужьыгъуэхэмкІэ и федерацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, ди лъэпкъэгъу щІалэм а махуэхэм къратыжынущ Олимп джэгухэм я дыщэ медалыр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2012 гъэм Лондон къалэм щызэхэта Олимп джэгухэм Махуэ Билал килограмми 120-рэ хъухэр зыхэт гупым щыбанэу, кІэух зэхьэзэхуэм и Іыхьэ ныкъуэм щыхэзат Куржым и бэнакІуэ Модзманашвили Давит икІи ар къытекІуагъэ щытащ. Билал ещанэ хъури, абы къыпэщІэта щІалэр дыщэ медалым щхьэкІэ хуэзащ Узбекистаным и щІыхьыр ихъумэу а зэманым зэхьэзэхуэм хэта Таймазов Артур. Мыбдежым осетин щІалэм ялэ увыпІэр къыщихьат.

Ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, Таймазовымрэ Модзманашвилирэ допинг зрахьэлІауэ 2019 гъэм къыщІагъэщри, абыхэм я медалхэр къыІахьжащ. ИкІи Олимп джэгухэм я тхыдэм зэи къыщымыхьэуауэ Махуэ Билалрэ Ираным щыщ Гасеми Комейлрэ дыщэ медалхэр тІуми зэуэ къыхуагъэфэщащ.

УФ-м Спорт бэнэкІэ лІэужьыгъуэхэмкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Мамиашвили Михаил къызэрыхитхэщамкІэ, Махуэ Билал и медалыр иратыжынущ абы хуэфащэ пщІэ къыкІэлъыІэрахьэу: къэралым и ныпІ ялэтынущ, гимнри абы и щІыхькІэ къеуэнущ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

В 2024 гъэр Урысейм Унагъуэм и илъэсу щагъэяващ. Ар щызыхащІэ, я лэжьыгъэм къышдагъэльагъуэ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъуэм и управленэу КъБР-м щыІэм.

УНАГЪУЭМ и махуэ къызэрагъэпэщар насыпрэ гуфІэгъуэкІэ гъэнщІат. Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм зэхалъхьэжащ сурэт щыныкІэ зэпеуэм кърикІуахэр икІи абы хэтахэм дипломхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ираташ. Іуэхум и кІэухыу сабийхэр, я адэанэхэм ящыІыгъу кинофильм еплъащ.

Ирагъэдгужла унагъуэм и махуэр нэгуэзыжь Іуэху дахэм къыщымынэу, я зэпсэлъэныгъэмрэ зыззэхащІыкІынымрэ, апхуэдэуи щэнхабзэм, псэкупсэныгъэм зегъэужьыныкІэ сэбэпышхуэ хъуащ.

Я зэфІэкІ еплъыжынущ

● Зэпеуэхэр

Урысей ФССП-м, «Орлёнок» урысейпсо сабий центр цІэрыІуэм щыгъуу зэхешэ «Хабзэм и хъумакІуэ ныбжьыщІэхэр» уэзщІакІуэ программэм хэтынухэм я зэпеуэ.

АБЫ хэтыфынущ зи ныбжьыр илъэс 11-м къыщыщІэдзауэ 16-м нэс хъуэху хабзэм, къэралымрэ абы и зэхэлъыкІэмрэ зэрызэфІэувам я тхыдэм дихьэхэр Іуэху етІысхьэ жыджэрагъ зиІэхэр.

Иджырейр «Хабзэм и хъумакІуэ ныбжьыщІэхэр» ебланэщ икІи ар 2024 гъэм накъыгъэм и 31-м щегъэжьауэ мэкъуэгуэгъуэм и 20 пщІондэ «Дозорный» лагерым щекІуэкІынущ.

Зэпеуэм хагъэхьэну тхыльхэр къыІах Автоматизированнэ хъыбар щытыкІэм иту (адэкІэ – АИС «Орлёнок») https://admin-orlyonok.ru/Account/Register икІи 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 11-р хьхьэу иухынущ. ЗэрекІуэкІыну щыкІэм щыгъуазэ зыщыфщыфынущ официальнэ Интернет-сайтхэм: - www.center-orlyonok.ru (ВДЦ «Орлёнок»).

ТекІуауэ къальытэнущ дерс гъэщІэгъэну нэхъыбэ зыгъэхьэзырахэр. Зэпеуэм кІри-кІуахэр «Орлёнок»-м и сайтым къралъхьэнущ.

«Хабзэм и хъумакІуэ ныбжьыщІэхэр» зэпеуэм и мурадхэр хуэгъэзащ ныбжьыщІэхэм псэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтынымрэ, езыхэм я Іэнатіэм зэрыщылэжьэну Іэщ1агъэ къыхегъэхьыным, апхуэдэуи суд приставхэм кулыкъум щылэжьэным и пщІэр къэІэтынымрэ.

Зыгъэхьэзырар **БАХЪСЭН Ланэщ.**

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Туркум щаубыдащ

КъБР-м щыІэ МВД-м и СУ-м и Следственнэ частым и кІэм нигъэсащ илъэс 54-рэ зи ныбжь налшыкдэс цІыхубзым теуХуауэ къаІэта уголовнэ Іуэхур. Ар ягъэкъуаншэ мелуан бжыгъэкІэ ахъшэ идыгъуаэ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, 2014 гъэм абы банкым зэгурыІуэныгъэ ирищІылащ ком мелуани 2,4-м щигъу щІыхуэу къыІихьину, паспорт нэпцІхэмрэ и хэхъуэхэм теухуа хьыбар нэсхэр къыщымыгъэлъэгъуа дэфтэрхэмрэ къигъэсэбэпри. Ауэ щыхъукІи и мурадтэкъым щІыхуэр ипшыныжу ахъшэр итыжыну. Гъэпцlакlуэм къыІэрыхьа мылъкур езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

ЩІэпхъаджагъэр илэжьщ, ягъэкъуаншэр къэралым икІри хамэ къэралхэм язым зыщигъэпщкІуащ, абы къыхэкІыу 2021 гъэм и мазаем ар дуней псом къыщалъыхьэу щІадзащ. Арати, щІэпхъаджащІэр Тырку Республикам и хабзэхэмрэ Іэнатіэхэм яубыдащ, адэкІэ Урысей Федерацэм къагъэкІуэжащ.

УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ и Іыхьэхэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр илэжьауэ къаІэта уголовнэ Іуэхур, зэрагъэкъуаншэр щІэзыгъэбыдэр щыгъуу, уэзщІауэ хэплъэну Налшык къалэ судым Іэрагъэхьащ.

Илъэси 8 е 15 къыполъэ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ управленэм гъатхэпэми 23-м къэпсэлъащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм язым и лэжьакІуэхэр икІи жаІащ сымаджэм къыхуахьа ерысскъыхэкІхэм шприци 3-рэ порошокэхЕ пкъыгъуэ зэкІуэцІыпІырэ къызэрыщагъуэтар.

ЩІЫПІЭМ къэкІуа, наркотикхэм кІэлъыплъэныныкІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм зэрарабзыхуамкІэ, ар къыхуахьат сымаджэщым щІэлъ, мызэ-мытІуэ суд зытращыхьа, илъэс 31-рэ хъу налшыкдэсым.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, пакетым ильт «героин» наркотикхэкІ грамм 0,58-рэ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым наркополицейскэм шэч зыхуащІыр яубыдащ. Ар нэхъапэми мызэ-мытІуэ суд зытращыхьа, илъэс 32-рэ зи ныбжь, щІыпІэм щыпсэурт. Абы илэжьамкІэ зиумысыжащ.

Налшык къалэм щыІэ УМВД-м и Полицэ къудамэ №1-м и СО-м шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 228.1-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм «б» пунктым къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр илэжьауэ. Хабзэм къызэрригъэувымкІэ ар илъэси 8 е 15-кІэ ягъэтІысхьэнкІэ мэхъу.

Сом мелуани 6-м нэблагъэ

Налшык къалэм щыІэ УМВД-м зыхуигъэзащ щІыпІэм щыпсэу илъэс 43-рэ зи ныбжь щІыхубзым. Щхьэусыгъуэр ар къызэрагъэпщІарт.

ПОЛИЦЭМ и лэжьакІуэхэм зэраубзыхуамкІэ, махуитхум къриубыдэу налшыкдэсым и деж зыбжанэрэ къэпсэльащ имыцІыхуэр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ банкымрэ я лэжьакІуэу зыкъагъэлъагъуэрэ. ЦІыхубзым къыжраІащ, абы и щІэкІэ экстремист Іуэхум пыщІауэ щэч зыхуащІ, къэралым кыщалъыхуэ цІыхухъум ахъшэ хуагъэхьыну яужь зэриты. Адэкіэ гъэпцІакІуэхэм цІыхубзым хуагъэлъэгъуащ иІэ ахъшэр «шынагъэншэ счётым» игъэкІуэну, арати абы сом 5 990 000-рэ игъэхьащ, абы щыгъуу кредиту 2 иригъэтхри.

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм и СУ-м къэхуаум екъэлІа уголовнэ Іуэху къиІэтащ.

Полицэм фигукъегъэкІыж: «Шынагъэншэ счётхэр» щыІэкъым! Хабзэхъумэ органхэмрэ банкхэмрэ я лэжьакІуэхэм зэи къыфхуагъэлъэгъуэнукъым кредитхэр къэфщэтэну, щымыІэ «шынагъэншэ счётхэм» ахъшэр евгъэхьыну фыкъагъэдэІуэнукъым.

Апхуэдэ псалъэмрэ къагъэлъагъуэхэмрэ зыхэфхамэ псалъэмакъыр занщІэу зэпыВуд икІи фэ езым фпэгъунэгъу банк къудамэм зыхуэвгъаазэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ЦІыкІУРАШ

БостеищІэ

Мамэ сэ схуидащ бостей.
Сытым хуэдэу дахэкІей!
Къызохъуапсэ
си ныбжьэгъухэр,
Къызохъуэхъур
ди гъунэгъухэр,
Псоми жаІэ къызэкІупсу
Си бостейр,
бостей щІэрыпсыр.
Зэ сыдэфу зезгъэсамэ,
Хуэздынт сэри
бостей мамэ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Си дэлъху цІыкІур

Си дэлъху цІыкІур
зымыцІыху
Хьэблэ псом дэмыс
зы цІыху.
Унэм щІэсым
ар къуейщІейщ,
ПщІантІэм дэкІмэ,
фыщІэрейщ.
Зыпэлъэщхэр и ауанщ,
Къызэреджэри пелуанщ.
Ауэ нанэ къриджэжрэ
ЖиІэм: «КІуэри
уи пэр лъэщІ,»
Зэуэ мэхъур тэмакъкІэщІ:
«Сэращ псори
зрагъащІэр!» -
ЖиІэу щІедзэ
гъыну занщІэу.

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен.

«КІуцэ псыхьэ макІуэ»

Туркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу Нэзэр Хьэмид хэхэс сабийхэм папщІэ адыгэбзэкІэ къыдигъэкІащ «КІуцэ псыхьэ макІуэ» тхьилъ цІыкІур. Тхьилъым итыр зы псысэш, хъыджэбз Іущ цІыкІу КІуцэ и ныбжьэгъу джэду Бацэрэ и къру Гъурыіуэрэ щІигъуу псыхьэ зэрыкІуам теухуауэ. Ахэр гъэугум тетыху куэдым Іущащ, гъэщІэгъуэн-дыхьэшхэнхэри я щхьэм кърикІуащ. Псысэм ухьеджэм нэмыщІ, Qг-кодкІэ уедаІуэфынущ тхьилъыр зейм и макъкІэ. Апхуэдэу ущедаІуэкІэ, тыркубзэ-инджылызыбзэкІэ е урысыбзэ-хьэрыпыбзэкІэ тхьигъэр зэредзэкІ.

Тхьилъ цІыкІур щхъуэкІэлъЛыжьІащ, тхьигъэр зытеуХуар сурэт нэжэгурэжэхэм къаІуатэ. Сурэткіэ псысэр игъэщІэрэщІащ Тлышэ Ясэмин. ГъэщІэгъуэну тхьилъым къыщыхьащ цІыкІухэм я гупсысэкІэм зезыгъэужь джэгуКІэ щІэщыгъуэ – абыкІэ КІуцэрэ и ныбжьэгъуитІымрэ псышхуэм зэрызэпрыкІын хуей Іэмалыр къыбогъуэтыфу. Абы щыщІыгъуу псалъэзэблэдзэ.

Тхьилъ цІыкІур мыгувэу щІэлъынущ Адыгэ унэ тыкуэн-муэйм.

ГЪУЭТ Синэ.

Псалъэзэблэдз









1. КъэкІыгъэ лІэужьыгъуэ, тхьэмпэ ин щабэ тету.
2. Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз лІэужьыгъуэ.
3. Мэзхэм, губгъуэхэм щыгъагъэ удз лъэпкъ.
4. Удз екъужь лъэпкъ.
5. Мэ гуакІуэ къыпихыу гъатхэм мэз щІагъэхэм къыщыкІ удз.
6. Я тхьэмпэхэр хъурей щыкІэщ. Гъэгъа шакъафэхэр, къащхъуафэхэр, гъатхэм пасэу къалпедзэ. Унэ хадэм щагъэкІ.
7. Гъатхэм пасэу, уэс телъ щыкІэ, къыхэкІ удз гъэгъа цІыкІу.

Жэуапхэр:
1.ТхьэгъэгурыкІ. 2. Къэрабэ. 3. Сэтэней. 4. Хьяфэнэ. 5. Къэпэрпэдгу. 6. Епэр. 7. Аждаргъэнэ.

Зэхэзыгъэхьар **БИЦУ Жаннэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЪэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къужьхэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэрабгъщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.574
Заказыр №610

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, корректорхэу **Инэрокъуэ Аэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр яущІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.